



Pou w ka konnen distri zonaj ak règleman zonaj ki gen pou pwopriyete ou a, ale sou sitwèb Depatman Planifikasyon Vil New York la nan www.nyc.gov/planning.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou enstale yon pano ak pou jwenn yon Bòs oswa Pwofesyonèl pou Enstale Pano Espesyal ki gen lisans Depatman an, sèvi ak kòd QR a pou ale sou sitwèb DOB a.

- Pano Ovan
- Pano Plat
- Pano ak Limyè
- Pano Pentire
- Pano Lèt Twa Dimansyon



KISA YON PAN POU BIZNIS YE?

Pano pou biznis - oswa pano akseswa nan Rezolisyon Zonaj Vil New York la (New York City Zoning Resolution) - idantifye biznis la kote yo mete pano a. Pa egzanp, yon magazen ki vann an detay ka mete non li sou yon pano pou biznis sou tèt pòt li. Yon pano k ap fè piblisite se pa menm bagay ak on pano pou biznis. Pano k ap fè piblisite yo ap fè piblisite pou machandiz ak sèvis yo ofri lòt kote - tankou pankat pou yon fim.

KI RÈGLEMAN KI KONTWOLE ENSTALASYON AK APARANS YON PAN POU BIZNIS?

Kòd Konstriksyon Vil New York la (Kòd Konstriksyon) kontwole fason pou enstale ak konstwi yon pano pou biznis pou sekirite. Pa egzanp, Kòd Konstriksyon yo mete yon limit sou gwo sè yon pano yo ka enstale san yon pèmi epi li egzije pou se yon Bòs oswa Pwofesyonèl pou Enstale Pano Espesyal ki gen lisans ou ka anboche pou enstale yon pano. Rezolisyon Zonaj Vil New York la (New York Zoning Resolution) kontwole plizyè aspè nan aparans pano yo, tankou si yo pèmèt pozisyon ak gwo sè yon pano a.

KILÈ YON PÈMI OBLIGATWA POU ENSTALE YON PAN POU BIZNIS?

Yon pèmi obligatwa pou enstale yon pano pou biznis yo pentire pano a dirèkteman nan yon biling oswa pi piti pase sis (6) pye kare areya total la epi li pa gen limyè.

KI MOUN KI KA ENSTALE YON PAN?

Selon gwo sè ak/oswa wotè yon pano, yon Kontraktè Jeneral (General Contractor) ki anrejistre, Bòs pou Enstale Pano (Master Sign Hanger) oswa Pwofesyonèl pou Enstale Pano Espesyal (Special Sign Hanger) ki gen lisans ka nesesè.

- Yon Kontraktè Jeneral ki anrejistre ka enstale pano pou biznis ki pa ge limyè, epi ki gen yon ki kras kantite tèks.
- Pwofesyonèl pou Enstale Pano Espesyal yo gen lisans Depatman an pou monte, bese, pandye, oswa kote pano ki pa pi gwo pase 150 pye kare areya total epi ki pa peze plis pase 1,200 liv.
- Bòs pou Enstale Pano yo gen lisans Depatman an pou monte, bese, pandye, oswa kole pano nenpòt ki gwo sè oswa pwa.

Epitou, selon gwo sè ak/oswa pwa yon pano, yon achitèk ki anrejistre oswa yon enjenyè pwofesyonèl ki gen lisans Eta New York ka bezwen prepapre ak soumet plan konsepsyon bay Depatman an.

LWA LOKAL 28 ANE 2019

- Apati 9 fevriye 2019, DOB pa pral enpoze sanksyon sivil pou travay san yon pèmi vyolasyon pou biznis pano magazen ki pa ni depase yon areya 150 pye kare ni pwa yo 1,200 liv. Biznis yo ki te resevwa vyolasyon sa yo 28 desanm 2017 oswa apre sa, epi ki pa te peye sanksyon yo, ka soumet yon demann pou egzanpsyen bay DOB lè yo soumet yon Fòma L2 nan yon biwo minisipal DOB.
 - Kòmanse 9 fevriye 2019 jiska 9 fevriye 2021, DOB pa pral bay vyolasyon pou pano magazen biznis ki te egzikste 9 fevriye 2019 oswa avan sa, amwenske pano a krey eyon gwo danje pou sante oswa sekirite publik, oswa DOB detèmine pano a pa kalifye pou otorizasyon an.
- REMAK: DOB pral kontinye reponn plent 311 yo pou detèmine ki pano magazen Biznis la kalifye pou otorizasyon sa a.*
- Kòmanse nan mwa out 2019:
 - ▶ Depatman Finans (Department of Finance, DOF) pral etabli yon pwogram 6 mwa ki pèmèt biznis yo rezoud jijman ki an reta pou vyolasyon pano magazen biznis yo.
 - ▶ DOB pral etabli yon pwogram 6 mwa pou ede biznis ki resevwa vyolasyon magazen biznis yo ant lye jen 2006 ak 9 fevriye 2019, epi peye sanksyon yo genyen ki enstale pano magazen ki kòrèk yo kote yo bay asistans teknik epi retire 75% sou frè pèmi an.
 - ▶ DOB, DOF, ak Depatman Sèvis pou ti Biznis pral travay ansanm pou asire biznis yo konnen lwa ak règleman pano magazen biznis yo ak pou pibliye program tanporè ki mansyone anwo a.
 - Yo pral konvoke yon ekip travay pou eksploré pwoblèm ki gen pou wè ak pano magazen biznis yo nan Kòd Konstriksyon Vil New York ak Rezolisyon Zonaj Vil New York la.

PLIS RESOUS

Pou jwenn plis enfòmasyon sou enstalasyon pano, ale sou sitwèb DOB a nan

www1.nyc.gov/site/buildings/safety/installing-a-sign.page

Pou w ka konnen distri zonaj pwopriyete a ak règleman zonaj aplikab li yo, ale sou sitwèb Depatman Planifikasyon Vil la (Department of City Planning) nan www.nyc.gov/planning.